

**PEMBELAJARAN MENGIDENTIFIKASI SUASANA, TEMA, DAN MAKNA PUISI
DENGAN MENGGUNAKAN METODE *COOPERATIVE INTEGRATED READING AND
COMPOSITION* (CIRC) PADA SISWA KELAS X SMA NEGERI 2 PADALARANG**

ku

Siti Mardiah Hasnah

145030092

RINGKESAN

*Téks puisi nyaéta karya sastra mangrupikeun wangun ekspresi pujangga nu bisa diulik tina sagala rupa aspék, élemén atanapi rupa-rupa puisi nu mibanda arti sarta nilai estetik. Pandika CIRC mangrupikeun padika pangajaran kelompok anu ngahijikeun bacaan sacara utuh disusun kana bagéan penting. Panalungtik museurkeun panalungtikan diajar ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi kalayan ngagunakeun padika CIRC kelas X SMA Negeri 2 Padalarang. Pasualan nu ku panalungtik ajukeun nyaéta; (1) dupi panalungtik mampuh ngarencanakeun, nerapkeun, sarta meunteun pangajaran ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi kalayan ngagunakeun padika CIRC dina kelas X SMA Negeri 2 Padalarang?; (2) dupi aya paningkatan dina kamampuh peserta didik dina pangajaran ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun CIRC?; (3) dupi aya bédana dina pangabisa antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol pikeun pangajaran ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi?. Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun nguji kamampuh panalungtik, pikeun nangtukeun kanaékan pangabisa peserta didik, jeung nangtukeun béda kabisa antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol pikeun pangajaran ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi di kelas X SMA 2 Padalarang. Padika panalungtikan kalayan ngagunakeun *Quasi Experimental tipe Nonequivalent Control Group Design*, sedengkeun pikeun hasil na nyaéta; (1) panalungtik mampuh ngarencanakeun, nerapkeun, sarta meunteun pangajaran ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi kalayan ngagunakeun padika CIRC dina kelas X SMA Negeri 2 Padalarang, sakumaha dibuktikeun ku hasil tina tata jeung nilai palaksanaan nyaéta 3,73; (2) aya paningkatan dina kamampuh peserta didik dina pangajaran ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun CIRC. Ieu dibuktikeun ku hasil prates nyaéta 58,66 sarta hasil pascaténs nyaéta 88,38. Ku kituna, aya paningkatan 29,72 ; (3) aya bédana dina pangabisa antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol pikeun pangajaran ngaidéntifikasi suasana, téma, jeung harti puisi. Hal ieu dibuktikeun ku itungan statistik mibanda hasil kelas ékspérimén nyaéta $t_{hitung} 8,41 > t_{tabel} 2,08$ jeung kelas kontrol nyaéta $t_{hitung} 6,61 > t_{tabel} 2,08$. Dumasar hasil ieu, bisa dicindekkeun yén sakabéh nu geus ngarumuskeun dina ulikan ieu dinyatakeun suksés.*

Kecap Konci: *pangajaran, suasana, téma, jeung harti puisi, padika CIRC*